Қарақалпақстан Республикасы
Мәлимлеме-китапхана орайы



Жәмийетде китапқумарлық мәдениятын раўажландырыў

(методикалық қолланба)

Нөкис 2019

Кирисиў

Инсан бул дүньяға келип, есин таный баслағаннан баслап әтирапты аңлаўда, өмирдиң мақсетин терең түсиниўинде оған жәрдем беретуғын ең жақын жәрдемши – бул китап болып табылады. Ҳәр бир инсан өз келешегин өзи жаратады. Келешек таянышы беккем болыўы ушын жаслықтан илим алыўға умтылыўы керек.

Китапқа болған меҳирди балалықтан, үйде ата-аналарымыз айтқан ертеклерден, хәййиўлерден баслаўымыз керек. Өйткени, «Жаслықта алған билим тасқа ойылған нағыс сыяқлы» болады. Китап ақылды шыныктырады. Сонлықтан китапсыз билим, мәдениятлы адам болып жетилисиўи мүмкин емес. Соның ушын да дана халқымыз «Китап – билим булағы», «Китап – ақыл шырағы» деген нақыл нәсият сөзлерин қалдырған. Китап бул өмирлик ғәзийне. Себеби, ол қанша ўақыт өтсе де өзиндеги билимди сақлап турады. Дүньядағы ҳәр қандай жаңалық, ўақыт өтип гөнериўи мүмкин. Бирақ, инсаниятттың мың-мың жыллар даўамында қолға киргизген ақылый ҳәм идеялық дурданаларын өзинде жәмлеген китаплар ҳеш қашан ескирмейди.

Китап тек ғана ең жақын, бийбаҳа, арзан тәлим – тәрбия алыў қуралы емес, соның менен бирге ол ең тәбийғый, зыянсыз билим алыў усылы болып табылады.

Ата бабаларымыз руўхый байлықты ҳәр дайым материаллық байлықтан жоқары қойған. Сол себепли де бизиң фольклорлық бай ғәзийнемиз өз қунын жойтпаған ҳалда алыс әсирлерден жетип келген. Демек, жақсы шығармалар қандай дәўирлерди, бастан кеширмесин, бәрибир өз өмирин даўам ете береди. Халық бундай қунлы китаплардан ҳеш қашан қол үзбейди ҳәм оларсыз жасай алмайды. Китап инсанның руухый жақтан жетик ҳәм озық ойлы болып жетилисиўине жәрдем көрсетти, соның менен бирге өтмиштен ҳәм келешектен хабар береди. Солай екен оның руўхый мийрас таўсылмас ғәзийне деп аталыўы да тосыннан емес. Ҳәр бир инсан өмири даўамында тек ғана алға умтылып жасаўы шәрт. Өйткени, инсан өзиниң ақылы, талпыныслары менен ғана ажыралып турады. Өмириңде оған жолдас болып, дурыс жол таңлаўға себепши болатуғын нәрсе бул – китап.

Китапқумарлық инсан руўхыятының айнасы

Китапқумарлық -арабша сөзден алынған болып, дыққат пенен оқыў, үйрениў деген мәнисти билдиреди. Тарийхтан мәлим, инсан раўажланыў жолында ерискен дәрежесинен ҳеш қашан кейинге қайтқан емес. Уллы бабаларымыз ҳәтте көз алдына келтире алмаған әжайыбатлар ҳәзир көз алдымызда жүз берип атыр. Демек, имканиятлардың, арзыў үмитлердиң шеги жок. Китапқумарлық ҳаққында Гёте мынадай пикир билдиреди:

а) жүдә қыйын (ҳақыйқаттанда, китап оқыў инсаннан қунт, сабыр, күшли яд ҳәм үлкен парасат талап етеди);

б) шексиз мақтанышлы (китап оқыў себепли өмир нызамларын терең аңлап барған, билим шеңбери кеңейип, түсиниги, дүнья қарасы өскен, руўхый тәрептен раўажланған);

в) жаксы дем алыс (болмаса, китап оқыў менен шын кеўилден шуғылланбаған болар еди).

Биз ҳеш қандай китап оқымай турып, уллы ислерди жарата алмаймыз. Жақсы китапларды оқығанда зейниң ашылып, руўхланып, өмирге қызығыўшылығың артады. Жаңа дөретиўши идеялар келе баслайды. Адамлар жаратқан кәраматлар ишинде китаплар тийкарғы әҳмийетке ийе. Данышпанларымыздан бири: «Сиз маған оқыған китапларыңызды айтың, мен сизиң қандай инсан екенлигиңизди айтаман» деген екен. Демек, жәмийетте өз орнын таба алыўды ойлаған адам, әлбетте, китап оқыўы керек. Ата-аналар өз перзентлерине китаптың инсан өмиринде үлкен күшке ийе екенлигин түсиндириўден ҳеш шаршамаў керек. Дүнья қарасы кең, билимли адамнан ҳеш жаманлық келмейди. Соның ушын да китапсыз үй қуяшсыз күн сыяқлы. Китап ҳәммени руўхыйлыққа жетелейди.

Инсан өз өмиринде қандай да бир жетискенликке китаптан билим алып оқыў, излениў арқалы ериседи. Китапқумар адамнан ҳеш қашан жаманлық шықпайды. Әдеп-икрамлы, меҳирли, билимли, руўхый дүньясы бай болады ҳәм де гөззаллыққа умтылып жасайды. «Китапсыз билим жоқ» дегениндей, инсаният тарийхын, өтмишин китапсыз көз алдымызға келтире алмаймыз. Уллы жазыўшы, Өзбекстан қаҳарманы Т.Қайыпбергенов өзиниң «Жол-жөнекей асығыс сораўларға асығыс жуўаплар» шығармасында: «Көркем әдебиятты көп оқыў ақылыңа ақыл қосады, шешенлигиңе жәрдем береди, жылағаныңда жубатады, асқынлағанды тәўбеге келтиреди, әззини күшейтеди. Қулласы, пайдасы шексиз. Ең баслысы, китап адамды жалғыз қалдырмайды» - деп келтирген еди. Жазыўшының бул пикирлерине ой жуўыртатуғын болсақ, терең мәни бар екенлигин аңлаймыз. Оның айтқанындай, китап адамды жалғыз қалдырмайтуғынына, ең жақын сырлас, дос болатуғынлығына исеним пайда етемиз. Китап адамды уллылыққа жетелейди, көклерге көтереди. Оның менен дос болған адам тек жақсылыққа, гөззаллыққа умтылады.

Китап оқыў арқалы адамның дүнья қарасы өседи, өз дәўириниң жәмийетлик-сиясий, мәдений қатнасықларынан хабардар болады. Уллы өзбек шайыры Әлийшер Наўайы: «Китап-миннетсиз устаз» деген еди. Шынында да, мине биз усы күнге шекем қандай жетискенликлерге етискен болсақ, әлбетте бунда китаптың әҳмийети үлкен. Сонлықтан да инсан өмиринде китаптың орны шексиз. Китап қанша ўақыттан берли өзиниң әдиўли ўазыйпасын, әҳмийетин, қәдир-қымбатын жойтпастан келмекте. Ҳәзирги күнде техника раўажланып, компьютерлерден кеңнен пайдаланылмақта. Китаптағы мағлыўматларды интернеттен де табамыз деп, көпшилик инсанлар китап оқыўды тоқтатты. Ҳәзирги жаслар да китаптан бираз узақласты. Бос ўақытларын көбирек социаллық тармақларға сарыпламақта. Оларға үгит-нәсият жумысларын алып барып китапқа болған

муҳаббатты оятыў мақсетке муўапық болар еди. Себеби, қолға китап алып, оның бетлерин ашып оқығанның заўқы басқаша.

Инсанлар бар оларға китап өмири даўамында дос ҳәм жолдас болады. Уллы шайырларымыз, алымларымыз китапты алтын ҳәм дүнья байлықларынан абзал билген. Китапты қуяшқа мегзетеди, қуяш әлемди өз нурлары менен жақты қылғанындай, жақсы китап та инсан кеўлин жақтыландырады.

Китапқумарлық руўхый жумыс ҳәм ол турақлы шуғылланыўды талап етеди. Сиз әдебий шығарма оқыўға енди кирискен болсаңыз, дәслепки пайытларда ўақыялар ағымын қызығып гүзетесиз. Бул қызығыўшылық болса әсте-ақырын сол ўақыя ҳәм ҳәдийселер тәсиринен тийисли жуўмақ шығарыўға жоллайды. Тийкарында сүўретленген ўақыялар менен өмир ўақыясын парықлаў жанлы сәўбетлесиў нәтийжеси есапланады. Китап оқыўшы оларды салыстырыў ушын бас қатырады – ойлаўға мәжбүр болады. Усы орында шығарманы санасында қайта сәўлелендиреди, қаҳарманлардың орнына өзин қойып, анық жуўмақлар шығарады. Буннан көринеди, ол да өзине сай дөретиўшилик етеди. Китап оқыўшының дөретиўшилиги жазыўшының шеберлигине анығырағы, әдебий шығарманың мазмунына байланыслы.

Бүгинги күнде жасларымыз арасында китап оқыўға болған қызығыўшылықты арттырыў, оларды руўхый жақтан жетик, саламат пикирли инсанлар етип тәрбиялаў әҳмийетли мәселелердиң бири болып есапланады. Ҳақыйқатында да китаптың ҳәр бир инсанның өмиринде тутқан орны оғада үлкен. Себеби, китап оқыў аркалы биз руўхый дүньямызды байытамыз ҳәм билимлеримизди жетилистирип барамыз.

«Китап - билим булағы»,- деп халқымыздың айтқан даналық пикирлери бизге келип жеткенше мың жыллық сынақлардан өткенлиги мәлим. Инсанды руўхый – ағартыўшылыққа жетеклеўде китапқумарлық жүдә әҳмийетли есапланады. Соның ушын ҳәр бир кәсип ийеси, жасына қарамастан, билимлер дереги болған китап оқыўы лазым. Китап күнделик турмысымызда, инсаныйлық пазыйлетлерин көрсетиўде, жумыс ҳәм оқыў орынларындағы машқалаларды шешиўде жәрдем береди.

Китапқа меҳирли болыў дәслеп шаңарақтан басланады. Жаслар ҳәр қандай тәрепти жасы үлкенлерден уйренеди, егерде шаңарақта ата-аналар да китап оқылса, әлбетте, бул шаңарақта кишкенелерге өз-өзинен өрнек болып, китапқа меҳир оятқанларын өзлери де сезбей қалған. Китапқумарлар шаңарағында әдеп-икрамлы, кемтарлық, инсаныйлық пазыйлетлери анық көзге тасланып турады.

Китапты көп оқыған адам қандай иске қол урмасын, алдын ала ой жуўыртып, жети өлшеп бир кесиўге умтылады. Глобалласқан дәўирде түрли хабарлар ағымы инсанның санасын жаўлап алыўға умтылып атырған ҳәзирги заманда китап оқыў жасларымыз ушын суў менен ҳаўадай зәрүр. Әдебий көркем китапларда халқымыздың мың жыллық өтмиши, миллий қәдириятлары жәмленген болып, өз миллетиниң перзентимен деген адам, әлбетте, олардан хабардар болыўы зәрүр. Халықты, соның ишинде

жасларымызды китап оқыўға тәрбиялаў, олар ушын заман талаплары ҳәм оқыўшының жоқары талғамына сай болған, биринши нәўбетте китап оқыўшыларды жоқары мәдениятлы инсан етип тәрбиялаў ҳәр бир дөретиўши инсанның ўазыйпасы.

«Китап - билим булағы»…. Шынында да бүгинги глобалласыў дәўиринде компьютерлер пайда болып, интернет арқалы ҳәр қыйлы мағлыўматлар алынып, көплеген жазыўшы ҳәм шайырлардың дөретпелери интернет сайтларында жәрияланып атырған болса да, китап өзиниң бийбаҳа қуны, әҳмийетин жойтқан жоқ.

Китап –билим булағы. Бул булақтан суў ишпеген инсан жаманлыққа жүз бурады. Ол ҳәр қандай жаманлыққа қол урыўы, инсаныйлықты, ҳүжданын арзымаған нәрсеге сатып жибериўи мүмкин. Жәмийетте китапқумарлық қай дәрежеде кең ғалабаласқан болса, зыялы халқы соншелли көп болады, өз нәўбетинде бул орында улыўма инсаныйлық қәдириятлар турақлы турмыс тәризине айланады.

Әмир Темур бабамыз айтқанындай : «Китап барлық жаратыўшылық ҳәм ақыл сананың тийкары есапланады. Өмирди уйретиўши устазыдур». Ата-бабаларымыз илим үйрениў, китап оқыўға ҳәмийше ең әҳмийетли ўазыйпа сыпатында қарап келген. Ата -бабаларымыз илим үйрениў, китап жазыў ҳәм оқыў барысында пүткил тарийх даўамында басқаларға өрнек болған. Тарийхтан бизге мәлим, алдынлары Яссауий, Бедил, Фузулий, Махтумқули, Машраб ғәзеллерин ядтан билмеслик ар саналған. Өтмиште шет елден журтымызға саяхат яки саўда-сатық нийетинде келген атақлы инсанлар бул жердеги китапханалар ҳәм китап дүканларының көплиги ҳәм китаплардың ҳәр қыйлылығын көрип таң қалған.

Халыққа мәлимлеме-китапхана хызметин көрсетиў әҳмийетли ўазыйпа

«Китапты тыңласам ақыл бол дейди,
Өмирди тыңласам гәпиң мол дейди,
Өзимди тыңласам өзимшил болма,
Адамға баўырман жақын бол дейди»,

Т.Мәтмуратов

Бүгинги күнде жас әўладты миллий қәдириятлар руўхында тәрбиялаўда китаптан уллы күдиретли қурал жоқ. Мәмлекетимиз басшысы тәрепинен елимизде әмелге асырылып атырған руўхый-ағартыўшылық жумыслары барысында китапқумарлық мәдениятына да үлкен итибар қаратылмақта. Бундай ис-ҳәрекетлер негизинде өз пикири ҳәм дүньяқарасы, актив пуқаралық позициясына ийе билимли ҳәм мәнәўиятлы жасларды ҳәр тәреплеме бәркамал әўладты кәмалға келтириў жатады.

Халыққа мәлимлеме-китапхана хызметин көрсетиўди буннан былай да жетилистириў, мәлимлеме китапхана мәкемелериниң жумысларын

раўажландырыў мақсетинде Президентимиз тәрепинен бир қатар қарарлар қабыл етилмекте.

2017 жыл 12 январьда Президентимиз Ш. Мирзиёев тәрепинен «Китап өнимлерин басып шығарыў ҳәм тарқатыў системасын раўажландырыў, китап оқыўды ҳәм китап қумарлық мәдениятын арттырыў және үгит нәсиятлаў бойынша комиссия дүзиў ҳаққында»ғы бийлиги қабыл етилген еди. Онда әдебий, мәдений, илимий, жаслардың интеллектуал санасын арттырыўға қаратылған әдебиятларды басып шығарыўға, олар менен оқыў орынларын тәмийинлеў, миллий жәҳән әдебияты тулғалары ҳәм басқа да илажларды әмелге асырыў нәзерде тутылған.

Бүгинги күни китап оқыў, китап оқыўға тәрбиялаў, китап басып шығарыў ҳәм оны орынларға тарқатыў, китап саўдасын раўажландырыў, жазыўшы, шайырларымызды, баспа кәрханаларын материаллық хошаметлеў мәселелери елимизде мәмлекетлик дәрежеге көтерилген екен, Президентимиз тәрепинен қабыл етилген, жоқарыда тилге алынған бийлик оған дәлил болып табылады.

2017 жыл 13 сентябрьдеги «Китап өнимлерин басып шығарыў ҳәм тарқатыў системасын раўадландырыў, китап оқыўды ҳәм китапқумарлық мәдениятын арттырыў және үгит-нәсиятлаў бойынша комплексли илажлар бағдарламасы ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Президентиниң ПҚ-3271-санлы қарары қабыл етилип, қарарда бүгинги күнде елимизде 2017-2021 жылларды Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес тийкарғы бағдары Ҳәрекетлер стратегиясы тийкарында барлық салаларда ҳәм тармақларда өзгерислер әмелге асырылмақда. Жаслардың руўхый-ағартыўшылық, көркем-эстетикалық талапларына жуўап беретуғын китапларды жоқары сапада басып шығарыў, китап оқыў көнликпесин қәлиплестириў, китап өнимлерин басып шығарыў ҳәм тарқатыў системасын раўажландырыў, мәлимлеме-китапхана жумысын күшейтиў, китап оқыў ҳәм китапқумарлық мәдениятын арттырыўға байланыслы үгит-нәсият жумысларын системалы ҳәм нәтийжели шөлкемлестириў жумыслары көрсетилген.

2018-жыл 12-майда Ҳүрметли Президентимиз тәрепинен Уллы жазыўшы ҳәм шайырларымыздың бийбаҳа мийрасын, ибратлы турмыслық ҳәм социаллық дөретиўшилигин ҳәр тәреплеме терең үрениў ҳәм үгит-нәсиятлаў, жасларымызды өзликти аңлаў, миллий ҳәм улыўма инсаныйлық қәдриятларға ҳүрмет руўхында тәрбиялаў, олардың арасында китапқумарлық мәдениятын кеңнен ғалабалық ен жайдырыў мақсетинде «Уллы илимпазлардың, жазыўшы ҳәм шайырларымыздың дөретиўшилик мийрасын кеңнен үйрениў ҳәм оларды үгит-нәсиятлаў мақсетинде жаслар арасында китапқумарлық таңлаўларын шөлкемлестириў ҳаққында» ғы қарары қабыл етилди.

Әҳмийетлиси, қарар менен 2018-жылғы таңлаўлар Ўатанымыздың тарийхы менен халқымыздың руўхый турмысында салмақлы орын ийелейтуғын Әбу Райхан Беруний, Әбу Али Ибн Сино, Мырза Улығбек, Әлишер Наўайы, Заҳириддин Муҳаммед Бабур, Муҳаммед Риза Огаҳий,

Бердақ Ғарғабай улы сыяқлы уллы ағартыўшыларымыз дөретиўшилиги, жәҳән әдебиятының ғәзийне шығармалары, сондай-ақ, «Алпамыс», «Ғөруғлы», «Кунтуғмиш» сыяқлы халық дәстанлары бойынша өткерилиўи ҳәм жеңимпазларды автомашина ҳәм басқа да баҳалы саўғалар менен сыйлықлаў белгиленген.

Президентимиздиң басламасы менен басланған «Ең жас китапқумар» таңлаўында да көп китап оқыған жасларымыз баҳалы саўғалар менен бирге автомобиль жеңип алып, көпшиликтиң ҳәўесин келтирип атыр.

Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиеёев басшылығында 2019 жыл 19-март күни жасларға итибарды күшейтиў, жас әўладты мәденият, көркем-өнер, дене тәрбиясы ҳәм спортқа кеңнен тартыў, оларда мәлимлеме технологияларынан дурыс пайдаланыў көнликпесин қәлиплестириў, жаслар арасында китапқумарлықты үгит-нәсиятлаў, ҳаял-қызлардың бәнтлигин тәмийинлеў мәселелерине бағышланған мәжилисинде мәмлекетимиз басшысы социаллық, руўхый - ағартыўшылық тараўлардағы жумысларды жаңа система тийкарында жолға қойыў бойынша 5 әҳмийетли басламаны алға қойған еди. Бунда төртинши баслама жаслар мәнаўиятын жоқарылатыў, олардың арасында китапқумарлықты кеңнен үгит-нәсиятлаў бойынша системалы жумысларды шөлкемлестириўге бағдарланған.

Жаслар қаншелли руўхый жақтан жетик болса, түрли жат иллетлерге қарсы иммунитети де соншелли күшли болады.

Буннан басқа, халыққа мәлимлеме-китапхана хызметин көрсетиўди буннан былай да жетилистириў, мәлимлеме китапхана мәкемелериниң жумысларын раўажландырыў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 7-июньда «Өзбекстан Республикасы халқына мәлимлеме – китапхана хызметин көрсетиўди буннан былай да жетилистириў ҳаққында»ғы ПҚ-4354-санлы қарары қабыл етилди.

Қарарда тийкарынан 2019-2024-жылларда Өзбекстан Республикасында мәлимлеме-китапхана тараўын раўажландырыў концепциясы, 2019-2024-жылларда Өзбекстан Республикасында мәлимлеме-китапхана тараўын раўажландырыў бойынша иләжлар бағдарламасы, аймақларда халыққа мәлимлеме – китапхана хызметлерин көрсетиўди турақлы раўажландырыўға жәрдемлесиў, китапханалар жумысының нәтийжелилигин ҳәм пайдаланыўшыларға хызмет көрсетиў (соның ишинде, төлемли хызмет көрсетиў) оперативлигин арттырыў ушын электрон китаплар тарқатыўға қәнийгелескен инвентар-ресурслар менен бирге ислесиўди кеңейтиў, мәлимлеме – китапхана мәкемелериниң қәўипсизлигин және миллий ҳәм мәдений мийрасының бир бөлеги сыпатында мәлимлеме –китапхана фондларының жақсы сақланыўын тәмийинлеў, жәмийеттиң мәлимлеме мәдениятын, тарийхымызға ҳәм миллий мәдениятқа қызығыўшылығын қәлиплестириў ҳәм күшейтиў, оқыў мәдениятын арттырыў ҳәм үгит-нәсиятлаў сыяқлы бир қатар ўазыйпалар белгилеп өтилди.

Сондай-ақ, қарарда 21 май күнин китапханашылар күни деп белгилеў ҳаққындағы усынысы мақулланды.

Қабыл етилген қарарлар илим, билимлендириў ҳәм мәдениятты раўажланыўына кең имканиятлар ашып бериў менен бирге, мағлыўматлар дереги болған китапханалардың жумысларына үлкен өзгерислер киритилиўине ҳәм заман талапларына сай ҳалда раўажланыўына имканият жаратады.

Даналар китап ҳаққында

Жас әўладларды өсирип камалға келтириў, келешекте пәраўан турмыс қурыўды әрман етип умтылып жасап атырған ҳәр қандай жәмийет, соның ишинде өзбек халқының да әзелий әрманы есапланады. Усы орында Жомий ҳәзиретлериниң төмендеги қатарларын еске алыў орынлы:

Китаптан жақсы дос жоқ жәҳәнде,
Ғамхорың болғай ол ғамлы заманда,
Ол менен қал ҳеш бермес азар,
Жаныңа жүз рәҳәт береди тәкирар.

-Китапсыз өскен бала, суўсыз жетискен терекке қусайды.

(Қытай нақылы)

-Китаптан баска ең жақсы жолды көрсететуғын жолды билмеймен.

Ҳ.Флезер .

-Китапсыз жасаў – көр ҳәм сақаў болып жасаўдыр

Ҳ.Флезер.

-Китапларым маған жететуғын дәрежеде уллы бир патшалықдур .

Сенека.

-Китап - барлық жаратыўшылық ҳәм ақыл сананың, илимниң тийкарыдур.

Шекспир.

Китапқумарлық мәдениятыинсанды билимданлыққа, тапкырлыққа жетелейди.

Фрэнсис Бэкон.

Китап – билим дереги.

Китап – санамыз азығы, оның менен досласыў адамды тек жоқарылатып қоймай, бәлким оған дүньяны танытады, шериклик қылады, жақсылыққа жетелейди.

Китапсыз үй – жансыз дене сыяқлы

Цицерон.

Китаплар жансыз, бирақ садық досдур.

В.Гюго.

Китаплар арасында да адамлар арасында болған сыяқлы, жақсы ҳәм биймаза дослар ортасына түсип қалыў мүмкин.

К. Гельвеций

Китаплар саны емес, оның жақсысы пайда келтиреди.

Сенека

Китап – байлық. Бирақ сатып алынғаны емес, оқылғаны.

А.Мухтар

Саўатлы ҳәр бир адам китап жәрдеминде ақыл- закаўат кашанасына кириў ҳуқықы ҳәм имканиятына ийе болады.

С. Смайлс.

Китап оқыўданда арзан кеўилхошлық ҳәм узақ даўам етиўши дем алыс болмаса керек.

Монтегю

-Биреўлер: «Китапқа аяқ баспа, ол жанлы зат!» дейди. Исенейинбе?

-Исениң! Китап шынында да шынт уйқыдағы инсан сыяқлы. Егер оны қолыңа алып, бетлерин ашып қарасаң, ол әсте оянады ҳәм сен алдын еситпеген, билмеген ўақыяларды, даналықларды өзи сөйлей баслайды….

Төлепберген Қайыпбергенов

Китаплар бизиң ең соңғы досларымыз, олар бизди алдамайды, ҳәмийше жанымызда турады ҳәм қартайғанымызда да ол зыян қылмайды.

Эмель Фаге.

Ҳақыйқый билим арттырыў ушын адам жақсы китапларды, яғный жақсы ақыллы адамлар ҳәм данышпанлар жазған китапларды таңлаў керек.

Ченнинг.

Барлық шаралар менен инсаниятты болмас, керексиз китапларды оқыўдан қутқарыў керек.

С.Вавилов.

Билип қойған жақсы

· Дүньяда жазылған китаплардың ҳәммеси де жасай беретуғын китап емес. Китап қанша әсир жасаса, оны жазғанның аты да сонша жасайды. Гелиоцентрик системаның бақлаўшысы Коперник «Планеталардың қуяш шеңберинде айланыўы» атлы китабын 40 жыл даўмаында жазған. Китап баспадан шығыўы менен биринши нусхасын кесел авторға алып келген. Китапты алып турып, Коперник дүньядан өткен. Сол ўақыттан баслап Коперниктиң аты мәңгилестирилди.

· Орайлық Азия халықлары китапты әзел-әзелден ҳүрмет еткен, усы аймақтағы дәслепки китапхана эрамыздың үшинши әсиринен Хорезмде пайда болған.

· Ең көп томлы китап «Француз энцинлопедиясы» болып, ол 1200 томнан ибарат.

· Лондондағы биринши халық китапханасының тийкаршысы С. Фенкордың талабы менен китап бетлерин бүклеген адамларға жаза шарасы қолланылған. Нызамға гөре, айыпкерлер жазаланған яки 7 жыл қамаққа ҳүким етилген.

· 1900 жылда Қытайдағы үңгирлердиң биринен табылған буддалыққа тийисли текстлерди өз ишине алған «Алмас сутра» китабы әййемги баспа китап есапланады. Бул китап 868 жылда яғный Европада баспа үскене жаратылыўынан 600 жыл алдын Қытайда баспадан шыққан. Бул – Азияда IX әсирде-ақ баспа үскенелер бар екенлигинен дерек береди.

· М. Горький минутына төрт мың сөз оқый алған. Сталин күнине 400 бет китап оқыған ҳәм оны минимал норма деп есаплаған. Томас Эдисон бирден 2-3 қатардан оқый алған, оның зейин менен оқый алғаны соншелли, ол текстти оқып еслеп те қалған. Илимпазлардың айтыўына қарағанда, китапты әсте оқыўға қарағанда, тез оқыў ўақтында көз анағурлым аз шаршайды екен. Адамлардың 95 пайызы китапты жүдә әсте оқыйды – минутына бар болғаны 180-220 сөз (1 бетти 1,5-2 минутта). Китапты дәстүрли түрде оқыўда оны түсиниў 60 пайызды қураса, тез оқыўда – 80 пайыз. Атақлы француз жазыўшысы Оноре де Бальзак 30 минуттың ишинде еки жүз бетлик романды оқып шығатуғын болған. Китап оқыў ўақтында оқыўшының көзлери ҳәр ҳәрипти жеке сүўрет ретинде көрсетеди, ал мий оларды бир сүўретке бириктиреди. Оқыў тезлиги орташа есапланатуғын адамның көзи китаптың бир қатарына 12-16 рет излесе, тез оқыйтуғынлар – тек 2-4 рет ғана излейди. Ал оқыўшылар бир қатарға 20 рет тоқталады екен. Атақлы жазыўшы, Н.А. Рубакин өмиринде 250 мың китап оқып шыққан. Наполеон китапты минутына 2000 сөз тезлиги менен оқыған. Егер де сен ақыллы болыў ушын қанша китап оқыў керек екенлигин билмесең, мениң саған айтарым: бар болғаны 10 китап оқысаң жеткиликли. Ал 10 китаптың қайсысы екенин билиў ушын, алды менен мыңлаған китап оқып шығыў керек. Китап оқыўда баслысы қанша китап оқығанында емес, керисинше, оқыған китапларыңның қаншасын түсингениңде.

Китаплардың дүзилиси ҳәм түрлери

Ҳәзирги китаплар оқыўшылар талабы ҳәм эстетик көз- қарасына қарап арнаўлы формаға ийе. Китап бетлерге ажыратылып, ортасынан тигиледи ҳәм қапланады. Қаптың китап бетлери менен бириктирилген бөлими форзац делинеди. Айырым жағдайларда қапты сақлаў ҳәм безеўши сыпатында қапқа сыртқы қап (суперобложка) кийгизиледи. Китаптың бас бөлиминде титул бет (сарварақ) болады. Онда автордың аты - фамилиясы китаптың аты, баспадан шыққан жери баспахана аты жылы ҳәм басқалар жазылады. Титул бети еки беттен ибарат болыўы мүмкин, бунда ол китаптың екинши ҳәм үшинши бетлерин ийелейди. Титул мағлыўматларының айырымлары китаптың биринши бетине жазылыўы мүмкин. Титул беттиң арқа тәрепине китап белгиси қойылады. Айырым жағдайларда китаптың аты айырым бетлерде бериледи. Бундай бет шмуцтитул (зарварақ) делинеди. Китаптың рукнаты (колонтитул) ҳәм рукнномер (колонцифр)лери оннан пайдаланыў жумысын аңсатластырады. Сондай-ақ, китапта мазмуны, кирисиў, аннотация, қосымша, көрсетпе, түрли көрсеткишлер, библиографик дизимлер де болыўы мүмкин. Китап бетиниң көлеми оның баспа пишими менен белгиленеди.

Китаплар қандай оқыўшыларға мөлшерленгенлиги, мақсети ҳәм мазмунына қарап түрлерге бөлинеди. Китапқумарларға қарап китаплар массалық, қәнигелер ушын ҳәм балалар китабы болыўы мүмкин. Мақсетине қарап илимий, илимий- массалық, оқыўлық, әдебий, мағлыўматнама (справочник), реклама ҳәм басқада шығармаларға бөлинеди. Илимий китаплар ишинен монография кең тарқалған. Оқыў китаплары сабақлық, оқыў қолланбасы, оқыў методик қолланба ҳәм басқа түрлерге ажыратылады. Мағлыўматнамалар болса энциклопедия, сөзлик, календарь, жол көрсеткишлер сыяқлы болып бөлинеди.

Жуўмақлаў

Китаплар қәлбимизди жарытады, инсанды уллылыққа көтереди, күшине күш қосады, онда ең жақсы арзыў нийетлерди оятады, жүреклеримизди жумсатады. Бир сөз бенен айтканда, китаплар данышпанлықты жайыў қуралы есапланады.

Елимиз келешеги болған жасларды тәрбиялаўда китапханалардың роли үлкен болып табылады. Китапханалар инсанға нур тарқатыўшы, руўхыйлыққа жетелеўши дәргай. Әййем заманлардан берли китапханалар зыялылардың сүйикли орынларынан есапланған.

Китапхана – билимлер үйи, инсаниятты барлық руўхый байлықларының дурданалары, соның менен бирге, журтымыздың мақтанышы ҳәм руўхый байлығы есапланады. Мәлимлеме-китапхана орайлары барған сайын жаңаланып баратырғанлығы, жаңа әдебиятлар презентациялары, ҳәр түрли массалық илажлар шөлкемлестирилиўи, көп

тәрептен аймақтың китапқумарлық мәдениятының раўажланыўына, жаслардың билим көнликпесиниң асыўына салмақлы жәрдем бермекте.

Дүнья мәмлекетлеринде китапханалар жәмийет системасында әҳмийетли орынға ийе болып, интернет тармағы менен бирге бир – бирин толтырып, хызмет көрсетеди.

Жуўмақлап айтқанда, китап миллеттиң күдиретин, оның руўхый көринисин сәўлелендиреди. Егер миллий қәдириятларымызды, тарийхымызды, әдебиятымызды үйренбекши болсақ, алдын Наўайы, Бабур, Бердақ, Әжинияз шығармаларын билиўимиз, үйрениўимиз зәрүр болып табылады.

Солай екен, китап ҳәммемиздиң өмиримизде ең зәрүр нәрсемизге айланыўын қәлеймиз.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Абатова Ф. Жаслар арасында китап оқыў мәдениятыҳ //Қарақалпақстан жаслары.- 2019ж.-17 янв.- №4
2. Бекбергенов А. Китап-өмир соқпағындағы мәсләҳәтгөйимиз //Еркин Қарақалпақстан.- 2019ж.- 22 март №36-37 6 бет
3. Хамдуллаева А. Жас китапқумарлар //Қарақалпақстан жаслары.-2019ж.- 7 февр.-№6
4. «Өзбекстан Республикасы халқына мәлимлеме-китапхана хызметин көрсетиўди буннан былай да жетилистириў ҳаққында» Өзбекстан Республикасы Президентиниң қарары //Еркин Қарақалпақстан.-2019ж.-13 июнь.-№73.- 2 бет
5. Интернет материаллары.

Таярлаған : С.Аметова

Редакторлаған : В.Танирбергенова